

GWOUP TRAVAY PANDEMI KOWONAVIRIS (COVID-19) SOU INEGALITE RASYAL AK SANITÈ NAN NEW JERSEY

Bwat zouti gwoup travay la pou
Temwanyaj Piblik

Oktòb - Desanm 2022



ENTWODIKSYON

Pandemi COVID-19 la (COVID-19) te revele ak agrave inegalite rasyal ak sanitè k ap pèsiste nan tout peyi a. Moun ki soti nan kominote koulè yo ak lòt popilasyon majinalize yo te afekte yon fason demezire, e kòm rezilta, yo te pote yon fado COVID-19 ki pi lou.

Pou konprann pi klè kijan COVID-19 te gen yon enpak demezire sou minorite ak kominote majinalize nan New Jersey yo, manm Asanble Shavonda Sumter yo, Angelica Jimenez ak Linda Carter te patwone yon lejislasyon pou etabli yon gwoup travay k ap egzamine inegalite rasyal ak sanitè ki gen rapò ak COVID-19 yo. Gouvènè Murphy te siyen lejislasyon sa a nan dat 11 Jen 2021.

Lwa a te kreye Gwoup Travay Pandemi Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19) sou Inegalite Rasyal ak Sanitè nan New Jersey (Gwoup Travay la), Gwoup la se anplwaye Depatman Sante New Jersey (New Jersey Department of Health) ki ap travay ladann. Gwoup Travay la gen 23 manm, ki gen ladan 14 manm piblik Gouvènè a nonmen, kèk ladan yo te chwazi dapre rekòmandasyon Lejislati a, ak lòt dapre kondisyon ki endike nan lejislasyon an. Nèf ki rete yo se ansyen manm Biwo ki soti nan divès depatman eta ki konsène yo. Manm yo reprezante yon divèsite dapre ekspètiz ak orijin rasyal epi etnik yo.

Misyon Gwoup la se bay Gouvènè a ak Lejislati a rekòmandasyon espesifik pou diminye inegalite COVID-19 koze oswa te agrave epi pou anpeche inegalite sa yo alavni.

Anvan yo bay rekòmandasyon, Gwoup Travay la ap evalye kijan ak poukisa pandemi an afekte minorite ak kominote ki gen gwo risk yo nan New Jersey, ansanm ak konsekans akoutèm ak alontèm pou kominote sa yo.

Pou akonpli sa a, Gwoup Travay la ta renmen mande epi resevwa temwayaj nan men rezidan New Jersey ki soti nan tout minorite ak kominote ki gen gwo risk yo, ki baze sou eksperyans yo pandan COVID-19 la.

KONSÈNAN BWAT ZOUTI A AK KOUMAN POU UTILIZE LI

Gwoup Travay la bezwen opinyon w pou devlope bon jan rekòmandasyon ki gen rapò ak inegalite rasyal ak sanitè ki lye ak COVID-19 nan New Jersey. N ap sèvi ak istwa ananm ak lide ou yo pou alimante **rekòmandasyon Gwoup Travay la** ke nou ap soumèt bay Gouvènè ak Lejislati New Jersey an nan mwa Mas 2023.

Kit zouti sa a fèt pou ede w nan de fason:

- 1) Antanke yon moun ki gen/te afekte pa COVID-19, bwat zouti sa a ka ba w ide sou fason pou w bay temwayaj ou.
- 2) Pou entèvenan yo, animatè yo ak òganizatè yo, bwat zouti a ka ede w gide konvèsasyon ak kominote w yo, lòt òganizasyon, ak lòt moun sou defi yo te rankontre pandan COVID-19 yo. Lè sa a, ou kapab chwazi pataje enfòmasyon ou kolekte nan konvèsasyon sa yo alekri, pou reprezante kominote w ap sèvi yo.

Anndan bwat zouti sa a, w ap jwenn enfòmasyon sou senk pilye ki se domèn entèvensyon nan chaj lejislatif Gwoup Travay la. **W ap jwenn tou kesyon ki ka ede nou gide temwayaj pèsònèl nou** oswa konvèsasyon kominotè w yo.

TWA OPSYON POU BAY TEMWANYAJ

1) An pèsòn. Patisipe nan yon odyans piblik an pèsòn* epi bay kòmantè aloral (limite a twa minit) nan youn nan kote sa yo:

- Rutgers-Camden Campus

- Lokal: Campus Center Multipurpose Room,
326 Penn St., Camden, NJ 08102
- Dat: Mèkredi 2 novanm 2022
- Lè: 4:30 PM – 8:00 PM

- Rutgers-Newark Campus

- Lokal: Rutgers New Jersey Medical School, Lecture Hall B552
185 South Orange Ave., Newark, NJ 07103
- Dat: Mèkredi 9 novanm 2022
- Lè: 4:30 PM – 8:00 PM

- New Brunswick

- Lokal: DCF Training Academy
30 Van Dyke Ave., New Brunswick, NJ 08901
- Dat: Samdi 3 desanm 2022
- Lè: 10:00 AM – 1:00 PM

* Tout odyans piblik an pèsòn yo ap difize an dirèk tankou sesyon pou koute sèlman pou asire ke moun yo ka koute lòt manm nan kominote a. Lè w koute lòt manm nan kominote a, sa ka enspire w pou w bay pwòp temwayaj ou nan yon lòt odyans piblik (an pèsòn oswa nòmalman) oswa pou w soumèt li alekri. Ou ka jwenn aksè a odyans yo nan lyen sa a: <https://linktr.ee/njccovid>.

2) Sou entènèt. Patisipe nan yon odyans piblik sou entènèt epi bay kòmantè aloral (limite a twa minit):

- Reyinyon Zoom

- Lyen: <https://us06web.zoom.us/j/85656596288>
- Dat: 6 desanm 2022
- Lè: 4:30 PM – 8:00 PM
- Enfòmasyon pou apèl: US: +1 929 436 2866 US
+1 646 931 3860 US
+1 301 715 8592 US
- ID Reyinyon an: 856 5659 6288

3) Alekri. Kòmantè ekri oswa kòmantè ou kolekte yo ka soumèt elektwonikman pa imel nan njcdtf@doh.nj.gov. Nou sijere w limite kòmantè alekri ou yo a twa paj. Tanpri soumèt yo pa pita pase vandredi 16 desanm 2022. Ou ka ka voye kòmantè ekri ou yo tou pa lapòs nan adrès sa a; kòmantè sa yo dwe rive nan menm dat limit la:

New Jersey Department of Health
Office of Minority and Multicultural Health
55 N. Willow St., 4th Floor
P.O. Box 360
Trenton, New Jersey 08625-0360
Attention: Aracely Macias

PILYE YO

Pilye ki anba yo defini dimansyon chaj lejislatif Gwoup Travay la. Y ap ede nan gide tèm temwayaj yo. Nou enterese espesyalman pa istwa ak lide ki soti nan kominote nan eta a ki minoritè oswa ki majinalize, sa ap ede elimine diferans rasyal ak sanitè yo epi sipòte divès kalite moun ak kominote ki te sibi yon enpak demezire anba COVID-19, moun sa yo gen ladan yo, san l pa limite ak yo sèlman, kominote ki gen po lòt koulè yo, kominote ki p ap viv nan vil la, moun ki gen andikap, ak granmoun ki gen plis pase 65 lane.

Tanpri pataje istwa ou ak lide ou yo pou siksè chak pilye. Ou ka chwazi konsantre sou yon sèl pilye, plizyè pilye, tout senk yo, oswa okenn nan yo.

Pou entèvenan yo, tanpri pataje senk pilye yo ak kesyon ki gen rapò yo davans pou ede kominote w la prepare l pou konvèsasyon an.

1. **Sistèm done:** Kijan yo ka amelyore sistèm done ki egziste deja a pou asire ke enfòmasyon sante yo kolekte ki gen rapò ak enfeksyon epi lanmò COVID-19 lakoz yo gen ladan yo idantifyan espesifik ras, etnisite, ak demografik?
2. **Kominikasyon Sante:** Kijan yo ka amelyore epi rann pi efikas kominikasyon, mesaj, ak difizyon enfòmasyon konsènan tès, trase kontak, vaksinasyon, ak lòt apwòch sante piblik ki gen rapò ak COVID-19 la?

Ki pi bon pratik ak opòtinite pou pataje sèvis yo, oswa patenarya potansyèl ki ta ka ogmante kominikasyon enfòmasyon ak materyèl swen sante, epi pou yo disponib nan plizyè lang?

3. **Inegalite istorik ak sistemik:** Ki inegalite istorik ak sistematik ki gen rapò ak ras ak etnisite ki te vin pi agrave pousantaj lanmò nan kominote minoritè ak majinalize yo pandan COVID-19 la? Poukisa COVID-19 afekte kominote sa yo yon fason demezire? Ki konsekans a koutèm ak a lontèm yo?

4. **Endikatè Sosyal Sante:** Ki kondisyon nan anviwònman kote moun ap viv, aprann, travay, jwe, ak adore ki afekte risk sante yo ak rezilta ki gen rapò ak COVID-19? Pa egzanp, men li pa limite ak sa yo sèlman, kondisyon ki anpeche ak entèfere ak kapasite yon moun pou l mete tèt li an karantèn oswa izole tèt li pandan COVID-19 la, ak kondisyon ki afekte distribisyon resous yo, ki gen ladan ekipman pwoteksyon pèsònèl ak manje.

Kijan COVID-19 te gen yon enpak negatif sou kondisyon yo nan anviwònman sa yo ak ki sa ki te konsekans yo? Pa egzanp, men yo pa limite a sa yo senpleman, mank aksè a sèvis gadri ak **ogmantasyon ant vyolans patnè entim yo.**

5. **Eta Sante Fizik/Mantal ak Inegalite nan kesyon Swen Sante:** Ki difikilte ki te gen rapò ak bonjan kalite sante ak asè ak tretman epi sèvis sante fizik ak mantal pandan COVID-19 la? **Ki enpak COVID-19 te gen sou sante fizik ak mantal anplwaye esansyèl ki soti nan kominote minoritè ak majinalize nan eta a?**

OPSYON ANPLIS POU ENTÈVENAN/ÒGANIZASYON YO

Anba a gen kèk egzanp sou kalite evènman ou ta ka òganize pou sansibilize epi pouse moun yo soumèt pwòp temwayaj endividyèl yo, oswa pou kolekte enfòmasyon ki gen rapò ak kominote w ap sèvi yo. Deside kijan ou pral kolekte enfòmasyon yo davans pou ou ka soumèt yo fasilman alekri ba nou oswa pataje yo nan yon odyans piblik.

Òganize yon sware siveyans

Tout odyans piblik an pèsòn yo pral difize an dirèk an mòd koute sèlman. Entèvenan yo ka rasanble manm òganizasyon yo epi òganize yon sware siveyans pou ankouraje patisipasyon nan non kominote yo. Lè sa a, manm kominote yo kapab enspire pou yo patisipe endividyèlman nan yon odyans piblik alavni (si disponib) epi bay kòmantè aloral oswa alekri de pwòp istwa ak temwayaj yo epi soumèt kòmantè yo alekri bay Gwoup Travay la anvan dat limit la. Yon sware siveyans kapab pèmèt kominote yo rasanble tou epi ankouraje diskisyon an gwoup solid sou pwoblèm y ap atake yo. Entèvenan/òganizasyon an ka pran sa epi soumèt li alekri bay Gwoup Travay la anvan dat limit la.

Òganize yon diskisyon

Òganize yon chita pale, yon deba oswa yon konvèsasyon enfòmèl ankouraje angajman epi li ka mennen ak diskisyon pètinan ak enterè. Evènman sa yo ka vityèl, an pèsòn, oswa yon konbinezon de toude. Lè w òganize pwòp reyinyon ou, ou ka itilize Pilye yo (anwo a) ak Kesyon yo (anba a) pou gide konvèsasyon w yo.

Deside kijan ou pral kolekte epi pran enfòmasyon nan diskisyon yo. Apre diskisyon ou yo, tanpri soumèt istwa ou yo ak fidbak ou yo. Fè yo pi espesifik ke posib. Tanpri pataje repons ou yo pa imèl nan njcdtf@doh.nj.gov, jiska vandredi 16 desanm 2022, pou asire w ke yo konsidere yo. Lè ou soumèt repons ou yo, mete non òganizasyon w lan (si sa aplikab), kote reyinyon w lan te fèt, dekri kantite manm ki nan gwoup ou a ak yon deskripsyon jeneral sou ki moun ki te la (sa vle di, manm kominote ki soti nan yon vil espesifik, defansè yo, doktè, elatriye).

EGZANP KESYON POU EDE TEMWANYAJ/DISKISYON OU YO

- Ki enpak COVID-19 fè sou ou, fanmi w oswa kominote w la: kote ak anviwonman w ap viv, kote w ap aprann, travay, jwe, adore, ak grandi?
- Ki mezi ou ta renmen wè gouvènman an pran pou rezoud pwoblèm sa yo?
- Èske ou santi ras ou ak/oswa etnisite ou afekte aksè ou a enfòmasyon, tès, vaksinasyon ak/oswa swen sante ki gen rapò ak COVID-19 la?
- Nan ki fason swen primè ta ka pi byen sèvi kominote majinalize yo pandan pandemi an?
- Kijan manm kominote a kapab yon resous nan moman kriz yo?
- Èske w te janm viktim yon anak/fwod ki gen rapò ak COVID-19? Si wi, tanpri dekri li.
- Ki sijesyon ou genyen pou pi bon pratik endividyèl/entèvenan yo/òganizasyon/anplwayè yo ka pran pou prepare yo pou pwochen kriz sante piblik yo?